

Gid COVID-19 pou Fanmi (LYFE, 3K, Pre-K, ak Founisè ki gen Kontra avèk DECE)

Kòmanse avèk senaryo 1, 2, oswa 3 epi suiv flèch yo, pou reponn kesyon sou sitiyasyon pitit ou a.

1

Pitit mwen an teste pozitif pou COVID-19

Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe antre nan izòlman pou 10 pwochen jou yo.

Pitit ou a ka retounen nan lekòl nan Jou 11, si li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.

SONJE: Si pitit ou a te refè apre yon ka konfime COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo, ou pa bezwen okipe rezilta tès pozitif la. Pitit ou a ka kontinye ale lekòl sòf si li gen sentòm yo.

2

Pitit mwen an santi li malad

Fè lekòl la konnen epi kenbe pitit ou a lakay li.

WI

NON

Mwen gen entansyon pou fè yo teste pitit mwen an.

Pitit mwen an te resevwa yon tès laboratwa ke yon pwofesyonèl swen sante te fè pou li.

Pitit mwen an te resevwa de tès adomisil* ki apwopriye pou laj li ke li te pran nan espas 24 èdtan omwen.

Mwen PA gen entansyon pou fè yo teste pitit mwen an.



Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe rete lakay li pou 10 pwochen jou yo.

Tès laboratwa a **NEGATIF (-)**.

Tès laboratwa a **POZITIF (+)**.

TOU DE tès yo **NEGATIF (-)**.

YOUN nan tès yo **POZITIF (+)**.



Pitit ou a ka retounen nan lekòl lè li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.



Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe rete lakay li epi izole pandan 10 jou kòmanse lè sentòm yo parèt.



Pitit ou a ka retounen nan lekòl lè li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.



Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe rete lakay li epi izole pandan 10 jou kòmanse lè sentòm yo parèt.

Pitit ou a ka retounen nan lekòl nan Jou 11, si li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.

*Si pitit ou a gen omwen dezan epi li resevwa yon kit tès rapid adomisil DOE bay nan lekòl yo, ou ka itilize l pou teste l pou l ka soti nan karantèn lan pi bonè selon eksplikasyon ki pi wo yo.

Gid COVID-19 pou Fanmi

(LYFE, 3K, Pre-K, ak Founisè ki gen Kontra avèk DECE)

Kòmanse avèk senaryo 1, 2, oswa 3 epi suiv flèch yo, pou reponn kesyon sou sitiyasyon pitit ou a.

3

Pitit mwen an te ankontak avèk COVID-19

Pitit ou a dwe rete lakay li pou omwen 5 pwochen jou yo.

Eske pitit ou a gen omwen laj dezan?

WI

NON

Mwen gen entansyon pou fè yo teste pitit mwen an.

Mwen PA gen entansyon pou fè yo teste pitit mwen an.

Mwen gen entansyon pou fè yo teste pitit mwen an.

Tès laboratwa sou 5 jou a **NEGATIF (-)** OSWA
De tès adomisil* ki **apwopriye pou laj li** ke li te pran nan Jou 4 ak Jou 5 lan **NEGATIF (-)**.

Tès laboratwa Jou 5 lan **POZITIF (+)** OSWA YOUN NAN TÈS ADOMISIL* ki **apwopriye pou laj li** ke li te pran nan Jou 4 oswa Jou 5 lan **POZITIF (+)**.

Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe rete lakay li epi izole pandan 10 jou apre dènye fwa li te fin ankontak avèk Covid la.

Tès laboratwa ke yon pwofesyonèl laboratwa te bay nan Jou 5 lan **NEGATIF (-)**.

Tès laboratwa ke yon pwofesyonèl laboratwa te bay nan Jou 5 lan **POZITIF (+)**.

Pitit ou a ka retounen nan lekòl nan Jou 6 si li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.

Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe rete lakay li ak izole pou 10 pwochen jou yo.

Pitit ou a ka retounen nan lekòl nan Jou 8 si li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.

Fè lekòl la konnen. Pitit ou a dwe rete lakay li ak izole pou 10 pwochen jou yo.

Pitit ou a ka retounen nan lekòl nan Jou 11, si li pa gen lafyèv pandan 24 èdtan san li pa itilize medikaman EPI sentòm jeneral yo ap amelyore.

SONJE: Si pitit ou a te refè apre yon ka konfime COVID-19 nan 90 jou ki sot pase yo, ou pa bezwen okipe rezilta tès pozitif la. Pitit ou a ka kontinye ale lekòl sòf si li gen sentòm yo.

*Si pitit ou a gen omwen dezan epi li resevwa yon kit tès rapid adomisil DOE bay nan lekòl yo, ou ka itilize l pou teste l pou l ka soti nan karantèn lan pi bonè selon eksplikasyon ki pi wo yo.